



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ATRIBISYON 1.6 MILYON DOLA POU ETABLI INITE MEDIKAMAN MOBIL POU TRÈTMAN ADIKSYON

Inite medikaman mobil yo ap pèmèt moun yo resevwa medikaman pou trètman adiksyon ki pa nan yon etablisman tradisyonèl

MMU yo se premye Pwogram konsa nan Eta New York

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse atribisyon 1.6 milyon dola pou uit founisè sèvis kont adiksyon nan Eta New York, k ap pèmèt yo tabli Inite Medikaman Mobil (Mobile Medication Units, MMU). Inite sa yo ap dispansè medikaman pou trete twoub ki lye ak itilizasyon dwòg, ki enkli metadòn ak biprenòfin, k ap pèmèt moun yo resevwa medikaman sa yo san yo pa bezwen ale nan etablisman brik ak mòtye yo. Se pral premye MMU nan Eta New York, epi se Administrasyon Federal pou Lit kont Dwòg la (Drug Enforcement Administration, DEA) k ap dirije chanjman k ap otorize Founisè Pwogram Trètman kont Opiyoid (Opioid Treatment Program, OTP) yo fonksyone.

"Menm jan ak anpil Nouyòkè, fanmi mwen pèdi yon pwòch ki t ap goumen ak adiksyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Distans fizik oswa mank transpò pa ta dwe kanpe ant yon moun k ap goumen ak adiksyon ak trètman ki gen chans pou sove lavi. Premye pwogram nan kalite sa ap brize baryè ant resous pou moun k ap chèche sipò yo ak yon etap enpòtan pou simonte kriz sante piblik sa."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Mank transpò oswa distans ak yon etablisman trètman pa ta dwe aji kòm yon baryè pou resevwa swen ki nesèsè pou adiksyon, ki enkli medikaman pou sove lavi tankou metadòn. Nouvo inite medikaman mobil yo ap ofri sèvis konplè kont adiksyon epi pote èd enpòtan dirèkteman bay moun ki nan bezwen, k ap ba yo yon lòt mwayen pou resevwa èd ki enpòtan nan retablisman yo"

MMU yo fèt pou ede moun ki ka fè fas ak baryè pou gen aksè nan trètman tradisyonèl, tankou pwoksimitè jeografik ak yon Etablisman Trètman kont Opiyoyid, oswa mank transpò ki fyab. Inite mobil sa yo ap ofri sèvis ki enkli evalyasyon pou admisyon ak enskripsyon pou medikaman, administrasyon medikaman ak obsèvasyon, tès toksikoloji, ak lòt sèvis medikal. Y ap ranplase sèvis mobil ki egziste deja nan tout eta a

ke plizyè founisè ofri, ki enkli evalyasyon, konsèy, medikaman ak lòt trètman ki pa metadòn pou adiksyon, telekonsiltasyon, ak sèvis transpò.

Se Eta New York ki bay finansman pou pwogram sa yo atravè Sibvansyon Federal pou Prevansyon Toksikomani ak Blòk Trètman an (Federal Substance Abuse Prevention and Treatment Block Grant) epi yo te bay yo atravè yon pwosesis sibvansyon sou konpetisyon ke Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) administre.

Reprezantant Yvette Clarke te deklare, "Kriz adiksyon k ap toumante kominote nou yo ap fini sèlman lè nou fè investisman kle ki nesèsè pou ede moun k ap souffri kont maladi tèriv sa. Erezman, eta nou an pran mezi ki nesèsè pou bay resous siplemantè pou retablisman sila yo k ap lite kont toksikomani. Ak anons Gouvènè Hochul sou sibvansyon k ap pote transfòmasyon sa yo pou Inite Medikaman Mobil yo ki bay yon total 1.6 milyon dola, New York te reafime yon lòt fwa ankò angajman li pou ede soulaje kriz kominote nou yo ap fè fas ak adiksyon kont opiyoid ak lòt twoub ki lye ak itilizasyon dwòg. Jan mwen toujou di, si nou investi nan kominote nou yo, nou investi nan lavni. Anons finansman jodi a, asosye ak plizyè milyon finansman pwojè kominotè, tankou 17.7 milyon dola mwen te sekirize pou Moun Brooklyn yo, voye yon klewon k ap retanti ke avni New York briyan reyèlman. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou defans li pou pwoblèm grav sa, epi mwen pa ka tann pou travay ak administrasyon li a nan ane k ap vini yo nan efò pataje nou pou wè New York ap briye."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Nan yon moman kote n ap pèdi plis pase 100,000 Ameriken chak ane pa ovèdòz, nou dwe pran mezi ki ijan epi imedyà pou konbat maladi adiksyon an epi bay lespwa pou sila yo k ap goumen yo. Mwen te mennen batay nan Kongrè a pou abòde kriz sa epi mwen fyè de travay mwen pou finance pwogram Sibvansyon Federal pou Prevansyon Toksikomani ak Blòk Trètman an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan bay sèvis kont adiksyon dirèkteman bay kominote New York yo epi dèske li asire ke pwòch ak vwazen nou yo gen sipò ki sove lavi ak trètman yo bezwen."

Chak nan founisè sa yo ap resevwa 200,000 dola finansman atravè pwogram sa:

Capital Region

- PROMESA, Inc.

NY Santral

- Helio Health, Inc.

Finger Lakes

- Strong Memorial Hospital

Mohawk Valley

- Helio Health, Inc.

New York City

- Vocational Instruction Project (VIP) Community Services, Inc.

North Country

- Credo Community Center for the Treatment of Addictions, Inc.

Southern Tier

- Ithaca Alpha House Center Inc. DBA Cayuga Addiction Recovery Services

Western NY

- BestSelf Behavioral Health, Inc.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud epidepi dòz eksesif la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entènè yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418